# BUMBIRO REMASHANDIRO EDU

Gwaro rinodonongodza mabasa atinobata

## Ndiani anonzi SECZim?

Securities and Exchange Commission of Zimbabwe (SECZim) isangano rakaumbwa pasi pebumbiro remutemo pachikamu chitatu cheSecurities and Exchange Act [Chitsauko 24:25]. Sangano iri rakatanga kushanda muna 2008. Sangano reSECZim ndiro rinoona nezvemaberekerwo emari nekutevedzwa kwemirawu kumisika yezvekudyarwa kwemari kwenguva inodarika gore muZimbabwe.

## Ndeapi mabasa atinoita?

SECZim inoita mabasa anotevera:

- Kuona maberekerwo emari nekuchengetedzwa kwemirawu mumisika yezvekudyarwa kwemari kwenguva indodarika gore.
- Kunyoresa nekuona kuti mitemo maringe nemaberekerwo emari pamisika yemari iri kutevedzwa.
- Kupa marezinesi nekuona kuti vanhu vane marezinesi vari kutevedza mirawu yakatarwa.
- Kukurudzira kugadzirwa kwemisika yemari muZimbabwe nenzira iri pachena, yakajeka uye yakarongeka.
- Kupa mazano kuHurumende yeZimbabwe panyaya dzese dzine chekuita nemaberekerwo emari.
- Kupa dzidziso kune avo vanenge vadyara mari yavo.

## Ndeapi mabasa atinozvipira kuita?

**Takatarisana nedonzvo rekubata vese vatinoshanda navo zvakanaka, SECZim inozvipira kuita mabasa anotevera.**
**Kugadzira marezinesi uye kugara tichizivisa vatinoshandidzana navo zvinenge zvichiitika nguva nenguva.**

Tichitevera mirawu yakatarwa, uye tichishandisa nzira dzakarurama ne michina yechimanje manje:

- Tichaona maberekerwo emari nekuona kuti mirawu iri kuchengetedzwa mumisika yezvekudyarwa kwemari kwenguva inodarika gore.
- Tichanyoresa nekuona kuti mitemo maringe nemaberekerwo emari pamisika yemari, iri kutevedzwa.
- Tichapa marezinesi nekuona kuti vanhu vane marezinesi vari kutevedza mirawu yakatarwa.
- Tichakurudzira kugadzirwa kwemisika yezvekudyarwa nemaberekerwo emari muZimbabwe pachishandiswa nzira iri pachena, yakajeka uye yakarongeka.
- Tichapa Hurumende yeZimbabwe mazano panyaya dzese dzine chekuita nemisika yemaberekerwo emari kwenguva inodarika gore.
- Tichapa dzidziso kune avo vanenge vadyara mari yavo.

**Nguva inotarisirwa kuitwa basa iri**

Padivi pakanyorwa nguva yatinotarisira kupindura mibvunzo nezvichemo zvatinenge tapihwa neavo vatinoshanda navo. Tinogona kupindura munguva shoma kana kuti munguva yakati rebei zvichienderana nekuti nyaya yatinenge tichishanda nayo yakamira sei.

| Chiitiko | Basa ratinoita | Nguva yakatarwa |
|---|---|---|
| Kufona | Kudaira foni | Foni isati yarira katatu |
| Vaenzi vanenge vatishanyira | Kubatsira vatengi nevaenzi | Pakarepo |
| Mibvunzo inobvunzwa panhepfenyuro | Kupindura mibvunzo | Mazuva matatu zvichienderana nemubvunzo |
| Kutambira mari | Kutenda kutambirwa kwemari | Mushure mekutambira mari |
| Tsambambozha | Kupindura tsambambozha | Mumaawa 24 |
| Tsamba | Kupindura tsamba | Mazuva matatu asati apfuura |
| Kufambiswa kwetsamba | Kuendesa tsamba kumahofisi akafanira | Pakarepo |
| Gwaro rekutsvaga rezinesi | Kunyoresa magwaro aya mumazuva makumi matatu | Magwaro anodiwa anofanira kuunganidzwa mumazuva makumi matanhatu |
| | | Kuongorora magwaro kunotora mazuva gumi |
| Kugadzirisa zvichemo | Kupa mhinduro yekutenda kuti chichemo chaonekwa | Mumaawa 24 |
| | Kunyora chichemo mubhuku rezvichemo nemibvunzo | Pakarepo |
| | Kupa mhinduro yekutanga | Mazuva matatu asati apfuura |

## Basa ratinozvipira kuita maringe nezvichemo

Tinovimbisa:

- Kuchengeta bhuku rezvichemo iro rinokwanisa kuwanikwa panhare, paWhatsApp, patsambambozha kana padandemutande
- Kuva nebhokisi rezvichemo
- Kuva tiri pasocial media uye kuve nemapeji padandemutande atinoisa ruzivo zuva nezuva anosanganisira Facebook, Twitter, LinkedIn, Instagram

## Nzvimbo dzatinowanikwa

Tichava ne:

- Nzvimbo dzinokwanisa kushandiswa zviri nyore nevakwegura uye vanorarama nehurema
- Kuva nenzvimbo padandemutande isinganetsi kushandisa uye inogara ichivandudzwa nguva nenguva
- Zvirongwa zvinopa dzidziso
- Nhamba dzeWhatsApp - +263 71 932 2922
- Mamwe mahofisi kune dzimwe nzvimbo nekufamba kwenguva anenge achibatsirana nezvikuva zvepamhepo zviripo pari zvino

## Ruremekedzo

- Tinogamuchira vanoda kubatsirwa kana vaenzi nekudaira mafoni zvine ruremekedzo uye tinovakwazisa zvakanaka
- Tinokupai ruzivo pamusoro peSECZim apo munenge makamirira kutaura parunhare
- Tinokupai ruzivo pamusoro pemabasa atinoita sesangano
- Tine mabhuku nemagwaro apo munowana dzidziso
- Munokwanisa kuwana ruzivo rwechokwadi padandemutande papeji rinoti www.seczim.co.zw
- Tine gwaro ratinonyora rinenge richidonongodza zvinenge zvaitika pamwedzi mitatu yega yega

## Zviratidzo zvemahofisi edu

- SECZim ine zviratidzo zvekumahofisi zvakajeka pazvivakwa nemumahofisi.
- SECZim ine zviratidzo zvekumahofisi mumigwagwa anoratidza kunowanikwa mahofisi ayo.

## Nzira dzamunokwanisa kutaura nesu

- Tinokwanisa kukubatsirai imi mbune kumahofisi edu kana kukubatsirai parunhare.
- Nhamba dzeWhatApp dzeSECZim dzinoshanda kubva na0800hrs mangwanani kusvika na1630hrs masikati.
- Mapeji edu eSocial media anoshanda siku nesikati, mazuva ose.

## Zvichemo nemazano

Kuti tivandudze mashandiro edu, tinokoshesa zvichemo nemazano kubva kwamuri:

- Munogona kutsutsumwa, kutipa mazano kana kutirumbidza kuburikidza nekuchaya nhare, kutumira tsambambozha, kutibata pamapeji esocial media kana kushandisa bhokisi rezvichemo.
- Hatigoverane zvamunenge mataura nechero munhu.
- Tinopindura zvichemo zvenyu maawa 48 asati adarika.

## Patinowanikwa

Securities and Exchange Commission of Zimbabwe
Block C, Ground Floor,
Smatsatsa Office Park
Borrowdale Road
Harare,
Zimbabwe

Parunhare: +263242 870042-46, 870048-49, 870080-81
WhatsApp: +263 71 932 2922
Padandemutande: www.seczim.co.zw
Tsambambozha: seczim@seczim.co.zw

## Mapeji epadandemutande eSocial media

Facebook @Securities and Exchange Commission of Zimbabwe
Twitter @SECZIM
LinkedIn @SeC ZIM
Instagram @seczim

## Mahofisi netsambambozha dzakakosha:

Chief Executive Officer: anymoret@seczim.co.zw
Director Corporate Services: lyinahm@seczim.co.zw
Director Operations: normanm@seczim.co.zw
Director Policy and Market Development: graceb@seczim.co.zw
ICT Manager: briang@seczim.co.zw
Investor Educations and Public Relations Manager: faraim@seczim.co.zw